Pou Piblikasyon Imedya: 2/12/2016 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PATISIPASYON NEW YORK STATE WINERIES NAN PI GWO EKSPOZISYON DIVEN NAN NÓDÈS

Preske de douzèn etablisman diven nan Eta ap patisipe nan Ekspozisyon Diven Boston nan dat 13 & 14 Fevriye 2016

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke preske de douzèn etablisman diven nan Eta New York ap montre pwodui yo anba paviyon Taste NY nan 25yèm Ekspozisyon anyèl Diven Boston. Ekspozisyon Diven Boston se pi gwo aktivite diven ak manje nan Nòdès e li atire apeprè 8,000 distribitè ak konsomatè. Etablisman Diven New York ki soti nan Lwès New York pou rive nan Long Island ap gen chans pou konekte avèk nouvo opòtinite biznis epi rive atenn nouvo konsomatè pandan aktivite de jou a.

Eta New York se kay pou kèk nan pi bon diven nan mond lan, e wikenn sa nap entwodui yo a plizyè milye posib nouvo konsomatè," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Grasa inisyativ Taste NY, etablisman diven New York yo te resevwa yon repitasyon nasyonal ak entènasyonal byen merite, e nou kontan pou n devlope sou siksè wikenn sa."

Sa make dezyèm ane ke Eta New York te gen yon prezans nan Ekspozisyon Diven Boston. Uit etablisman diven ki soti nan Lwès New York, Finger Lakes, ak Capital Region ap patisipe pou premye fwa. Boston Wine Expo konsidere tankou premye ekspozisyon echanj komèsyal ak konsomatè nan peyi a. Kounye a 25yèm ane l, aktivite a prezante seminè, degistasyon ak rezo aktivite, e li kontinye ouvè pou alafwa distribitè ansanm avèk konsomatè yo.

Pou ede konsomatè yo achte epi sonje diven prefere yo, Ekspozisyon an te fè patenarya avèk Drync app. Konsomatè yo jwenn detay sou diven ala segonn lè yo pran foto sou etikèt devan e yo ka kòmande diven Eta New York grasa aplikasyon pou nan-boutik oswa y al chèche l oswa livrezon nan boutik detayan prefere yo. Patisipan nan Expo a ap itiilze tou aplikasyon an pou vote pou diven prefere yo nan ekspozisyon an lè yo eskane etikèt yo, ki Drync e ekspozisyon an ap difize kòm "Top Trending" diven.

Jim Trezise, Prezidan New York Wine and Grape Foundation, ki te òganize yon seminè ki rele, "Class by the Glass: Taste of New York Gold." Lap montre yon varyete diven Eta New York, yo tout te genyen meday dò nan gwo konpetisyon diven yo.

Komisyonè Agrikilti Eta Richard A. Ball te deklare, "Pandan plizyè ane ki te sot

pase, nou te wè endistri diven New York la grandi epi resevwa rekonesans mondyal. Grasa pwogram Taste NY Gouvènè a, nap entwodui plis konpayi bwason atizanal a yon laj baz konsomatè epi elaji opòtinite pou sila yo ki nan endistri enpòtan sa a."

Jim Trezise, Prezidan New York Wine and Grape Foundation te deklare, "Nou apresye anpil sipò Gouvènè Cuomo ak pwogram Taste NY program ki pèmèt etablisman diven New York yo patisipe nan ekspozisyon diven enpòtan sa a. Massachusetts se yon mache ki pwomèt pou diven New York, espesyalman kounye a ke konsomatè yo ka achte diven dirèkteman nan etablisman diven New York yo, e Ekspzisyon Diven Boston an se pafè aktivite pou stimile lavant alafwa pou komès ak konsomatè yo. Mwen espere ke seminè degistasyon diven meday dò mwen an ap ouvè anpil zye ak gou nan gwo kalite diven ke nap pwodui kounye a."

Lis etablisman diven New York kap patisipe nan evenman an:

- Arrowhead Springs Vineyards *(Lockport)*
- Black Willow Winery *(Burt)*
- Brotherhood, Americas Oldest Winery, Ltd. *(Washingtonville)*
- Bully Hill Vineyards *(Hammondsport)*
- Capoccia Vineryards & Winery *(Niskayuna)*
- Casa Larga Vineyards, Inc. *(Fairport)*
- Damiani Wine Cellars *(Burdett)*
- Dr. Konstantin Frank's Vinifera Wine Cellars *(Hammondsport)*
- Fox Run Vineyards *(Penn Yan)*
- Fulkerson Winery *(Dundee)*
- Hazlitt 1852 Vineyards *(Hector)*
- Hunt Country Vineyards *(Branchport)*
- Inspire Moore Winery *(Naples)*
- Keuka Lake Vineyards *(Hammondsport)*
- Pazdar Winery *(Scotchtown)*
- Pleasant Valley Wine Company *(Hammondsport)*
- Ravines Wine Cellars *(Geneva)*
- Standing Stone Vineyards *(Hector)*
- Thirsty Owl Wine Company *(Ovid)*
- Warwick Valley Winery *(Warwick)*

Endistri diven Eta New York te obsève yon obsèvasyon 67 pousan nan ogmantasyon lisans depi 2011 e li gen yon enpak ekonomik de $4.8 milyon chak ane. Yo te pwodui plis pase 200 milyon boutèy diven nan 2014 e eta te jwenn nominasyon "Diven Rejyon pou Ane a" pa Magazin Wine Enthusiast nan 2014.

Ekspozisyon Diven Boston ap fèt nan Seaport Hotel ak World Trade Center nan Boston, Massachusetts apati 13 ak 14 Fevriye. W ap jwenn plis enfòmasyon sou evenman sa la a.

Enfòmasyon sou Taste NY

Taste NY se yon inisyativ ke Gouvènè Cuomo te lanse nan 2013 pou pwomote endistri manje ak bwason New York. Depatman Agrikilti ak Mache sipèvize l e li te kreye opòtinite pou pwodiktè lokal yo montre pwodui yo nan gwo aktivite piblik, tankou Gwo Fwa Eta New York. Pwogram nan te ouvè tou pou magazen yo nan arè repo Thruway ansanm avèk sou otowout yo nan eta ak nan sant transpòtasyon, pèmèt vwayajè yo achte pwodui ki fèt epi grandi nan Eta New York. Apeprè 1,100 konpayi lokal te patisipe nan opòtinite sa yo, plis relye pwodui yo ak mache manje ak bwason eta kap grandi a konsomatè yo toupatou nan mond lan. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Taste NY, ale nan sitwèb www.taste.ny.gov.

Konekte avèk Taste NY atravè Facebook, Twitter, Instagram ak Pinterest.

###

Nouvèl anplis disponib nan sit entènèt www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber |press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418